

## BAB V

### PANUTUP

#### 5.1 Kacindekan

Wanoja biasa diposisikeun salaku mahluk ka dua sanggeus lalaki. Hal ieu geus jadi riwayat turun-tumurun ti mimiti ayana mahluk kangaranan manusa. Ku sabab wanoja minangka manusa ka dua sanggeus lalaki, munasabah upama aya anggapan yén kalungguhan kaum wanoja téh aya di handapeun kaum lalaki. Ku sababaraha anggapan ngeunaan wanoja, utamana nu patali jeung kateuadilan *gender*, wanoja dicap salaku mahluk nu katindes. Teu ka kaum wanoja waé, tapi ka tokoh wanoja nu aya dina sastra. Wanoja ngarasa dimarjinal tur dinomerduakeun ku lalaki.

Di hiji sisi wanoja bisa kasebut mahluk nu ‘rumit’, tapi disagigireun ti éta ogé wanoja jadi hiji mahluk nu matak narik ati pikeun dikaji. Téori nu husus museurkeun kajianana ka wanoja, taya lian ti téori féminis. Téori féminis muncul lantaran ayana kateuadilan ka wanoja nu dibalukarkeun ku perbédaan jenis kelamin. Ku kituna, muncul hiji gerakan ti kaum wanoja nu disebut gerakan féminisme. Tujuanana pikeun merjuangkeun hak-hak kaum wanoja, sangkan kalungguhanana bisa saajar jeung kaum lalaki.

Dipatalikeun jeung karya sastra, nu dijadikeun objék dina ieu panalungtikan téh nya éta novel *Suminar*. Kamandirian tur kaféminisan tokoh Suminar téh matak kataji pikeun dikaji ngaliwatan téori féminis. Sakabéh téks dina ieu novel dianalisis dumasar kana judul jeung sababaraha masalah nu geus diwatesanan dina bab

saméméhna. Demi métode nu digunakeunana nya éta métode déskriptif analitik, sedengkeun téhnikna, téhnik telaah pustaka jeung téhnik analisis tékstual féminis.

Dumasar kana sababaraha masalah nu geus dipedar, bisa dicindekkeun yén ajén-ajén féminis dina ieu panalungtikan téh dibagi kana ajén négatif jeung positif. Ajén négatif ditémbongkeun ngaliwatan kateuadilan-kateuadilan *gender* ka wanoja nu tumiba ka lima tokoh, di antarana Ruminah, Ibu Héndro, Sarminah, pamajikan Hardjadilaga, jeung Aminah. Méh kabéh nu tumiba ka lima tokoh éta téh nya éta bentuk kateuadilan *gender* nu mangrupa subordinasi jeung marjinalisasi. Peran jeung posisi lima tokoh wanoja dina ieu novel, digambarkeun salaku mahluk nu direndahkeun jeung dinomerduakeun ku lalaki. Cindekna, kateuadilan *gender* ka lima tokoh wanoja ieu téh balukar tina stéréotip wanoja nu inférior. Wanoja dianggap salaku mahluk nu héngkér, pasif, katalian ku budaya domestik; dapur, sumur, kasur. Saenyana kateuadilan-kateuadilan *gender* nu tumiba ka wanoja téh, lain ka lima tokoh éta waé, tapi ka sakumna wanoja di dunya, wanoja umumna direndahkeun tur dinomerduakeun ti/ku lalaki.

Ajén positifna, utamana ditémbongkeun ngaliwatan kaféminisan tokoh Suminar. Suminar, digambarkeun salaku tokoh wanoja nu geulis, wanian, motékar, jeung mandiri. Suminar, salaku tokoh nu mampuh ngadobrak stéréotip wanoja nu inférior. Ku cara mikirna nu geus motékar, manéhna jadi hiji wanoja nu teu katalian deui ku budaya patriarki. Sikepna nu mandiri geus némbongkeun yén manéhna téh bisa ngawakilan kaum wanoja dina merjuangkeun hak-hakna. Manéhna geus bisa

leupas tina budaya patriarki nu nganggap awéwé téh handap darajatna, teu miboga hak di wilayah publik, teu penting, *terpinggirkan*, dinomerduakeun, jsté.

Suminar geus bisa ngawakilan kaum wanoja, dina merjuangkeun hak-hakna. Utamana nu patali jeung kateuadilan nu dibalukarkeun ku perbédaan jenis kelamin. Suminar geus bisa nyajajarkeun kalungguhan kaum wanoja nu salila ieu dianggap leuwih handap dibandingkeun jeung kaum lalaki. Ajén kaféminisan tokoh Suminar ditémbongkeun ngaliwatan kamandirian tur cara mikirna nu geus motékar. Ku cara jadi wartawati manéhna geus bisa némbongkeun ka masarakat, yén kaum wanoja gé—kalungguhanana—bisa saajar jeung kaum lalaki. Kaum wanoja teu ngan saukur jadi ibu rumahtangga nu katalian ku stéréotip wanoja nu inférior (héngkér, émosinal, pasif, ukur di dapur, sumur, jeung kasur).

## 5.2 Saran

Panalungtikan ngeunaan kawanojaan salawasna matak kataji pikeun dikaji. Hal éta didadasaran ku ayana paham ngeunaan perbédaan jeung kateuadilan *gender*. Ku kituna, sangkan leuwih mekar tur leuwih taliti deui dina nalungtik perkara kawanojaan, hususna dina tilikan féminis, perlu dilakukeun deui panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, nu museurkeun kana masalah ajén-ajén féminis dina sastra (novel), karasa masih réa kakuranganana. Sok sanajan kitu, saheulaanan mah ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun tatapakan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna nu medar bagbagan ajén-ajén féminis dina sastra.